



Pou Piblikasyon Imedya: 09/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**PANDAN TIT 42 A AP EKSPIRE, GOUVÈNÈ HOCHUL PIBLIYE DEKRÈ EGZEKITIF
KI BAY ETA A AK MINISIPALITE YO PI GWO FLEKSIBILITE POU SIPÒTE ARIVE
MOUN K AP CHÈCHE AZIL NAN NEW YORK KE YO PREVWA YO**

Nouvo Dekrè Egzekitif la pral ogmante sipò pou moun k ap chèche azil nan agrandi kapasite eta a ak minisipal epi ogmante kapasite gad nasyonal pou bay sipò lojistik

Dekrè a pral pèmèt Eta a rapidman deplwaye plis pase 1 milya dola pou sipòte efò èd Vil New York ki enkli nan bidjè eta ane fiskal 2024 la

Gouvènè Kathy Hochul te pibliye jodi a yon Dekrè Egzekitif pou ede bay èd pou moun k ap chèche azil yo prevwa k ap rive nan New York kòm politik imigrasyon federal Tit 42 a ap ekspire 11 me. Dekrè Egzekitif la pral bay Eta a plis fleksibilite pou jwenn resous ki nesesè pou minisipalite yo pou sipòte moun k ap chèche azil yo pandan y ap pèmèt eta a ogmante kantite manm sèvis Gad Nasyonal k ap bay sipò lojistik ak operasyonèl.

"Pandan plis pase yon ane, nou te travay nan tèt kole ak Majistra Adams pou bay sipò ak defann resous federal pou adrese gwo kantite moun k ap chèche azil k ap rive nan Vil New York", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Avèk Tit 42 a k ap ekspire, sikonsans yo sou teren ta dwe chanje anpil epi Dekrè Egzekitif sa a pral yon pati enpòtan nan repons kowòdone nou. Mwen te pale ak Majistra Adams ak Egzekitif Konte yo atravè New York pandan n ap travay pou adrese sitiyasyon sa a".

Yon kopi Dekrè Egzekitif la disponib [isit la](#).

Dekrè Egzekitif 28 la pèmèt Eta a ak lokalite yo reponn rapidman ak arive antisipe moun k ap chèche azil yo. Li pral pèmèt Eta New York mobilize yon lòt 500 manm Gad Nasyonal, ki kounye a ap bay sipò lojistik ak operasyonèl nan Otorite Pòtyè ak sit abri yo, sa ki mennen total mobilizasyon an nan apeprè 1,500 sólda. Li pral pèmèt Eta a ak lokalite yo achte byen vit pwovizyon ak resous ki nesesè yo, tankou manje ak ekipman.

Gouvènè Hochul te travay avèk lejislati a pou sekirize plis pase 1 milya dola nan finansman pou ede Vil New York sipòte moun k ap chèche azil nan bidjè ane fiskal 2024 la, epi novo Dekrè Egzekitif la pral pèmèt ofisyèl eta ak minisipal yo mobilize resous sa yo byen vit pou ede yon gwo kantite moun k ap chèche azil yo prevwa k ap

rive apre Tit 42 a ekspire. Sa enkli 741 milyon dola pou depans abri, 162 milyon dola pou sipòte prezans Gad Nasyonal k ap kontinye, 137 milyon dola nan swen sante atravè NYC Care, 26 milyon dola nan asistans piblik, 25 milyon dola pou demenajman volontè fanmi yo pou ale nan lojman pèmanan ak yon lòt 5 milyon dola pou sipò amelyore atravè Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la, ak 10 milyon dola pou asistans legal atravè Biwo Nouvo Ameriken yo.

Gouvènè Hochul te toujou chèche plis sipò federal, espesyalman konsènan finansman ak peryòd datant ki pi kout anvan moun k ap chèche azil yo kapab travay legalman. Gouvènè Hochul ak administrasyon li te soulve pwoblèm sa a dirèkteman avèk Prezidan Biden, Sekretè DHS Mayorkas, Chèf Ekip Zients, ansyen Chèf Ekip Klain ak lòt moun.

Depi moun k ap chèche azil yo te kòmanse rive nan New York avril pase a, Gouvènè Hochul te bay yon gwo sipò nan efò Vil New York yo. Sa gen ladan mobilize plis pase 1,000 manm Gad Nasyonal pou bay sipò lojistik ak operasyonèl, fè yon pati nan Tèminal Otobis Otorite Pòtyè a disponib kòm yon sant akèy pou nouvo arive yo ak mobilize otobis MTA yo pou bay asistans transpò ant sit abri yo. Anplis de sa, Biwo Asistans Tanporè ak Andikap la kontinye bay sipò nan Vil New York ak tout zòn ki afekte yo ki bay abri ak lòt sèvis. Eta a kontinye travay ak Vil New York pou chwazi sit ki apwopriye andan vil la pou abrite moun k ap chèche azil pandan y ap rive epi tann sitiayson legal travay yo.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)